



## AFICH "AK JISTIS POU TOUT MOUN" (AD-475A) (Creole)

Konfòmeman ak lwa Federal konsènan dwa sivil avèk regleman ak prensip Depatman Agrikilti Ameriken (U.S. Department of Agriculture, USDA) konsènan dwa sivil yo, enstitisyon sa a pa gen dwa fè diskriminasyon kont pèsonn moun ki baze sou ras, koulè po, orijin nasyonal, sèks, laj, yon andikap, ak revanch oswa reprezay pou aktivite yon moun te patisipe ladan avan pou defann dwa sivil. (Tout baz ki entèdi sa yo pa pou tout pwogram.)

Moun ak andikap ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram (tankou enfòmasyon ak ekriti Bray, an gran lèt, sou kasèt, Lang Siy Ameriken, elatriye), dwe kontakte Ajans nan nivo Eta oswa lokal ki jere pwogram TARGET Center USDA a nan **(202) 720-2600** (vokal ak TTY) oswa kontakte USDA nan Sèvis Relè Federal la nan **(800) 877-8339**. An plis, gen enfòmasyon ki disponib nan lòt lang.

Pou depoze yon plent pou akize diskriminasyon, ranpli Fòmilè Plent Diskriminasyon Pwogram USDA a, AD-3027. W ap jwenn li sou entènèt nan adrès [http://www.ascr.usda.gov/complaint\\_filing\\_cust.html](http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html). Sinon, ou kapab depoze plent la nan nenpòt biwo USDA oswa ekri yon lèt bay USDA epi bay enfòmasyon yo mande nan fòmilè a sou lèt la. Pou mande yon kopi fòmilè plent la, rele **(866) 632-9992**. Voye fòmilè ou ranpli oswa lèt ou ekri a bay USDA pa:

**lapòs:**

U.S. Department of Agriculture  
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights  
1400 Independence Avenue, SW  
Washington, D.C. 20250-9410;

**faks:**

(202) 690-7442; ou

**imèl:**

[program.intake@usda.gov](mailto:program.intake@usda.gov)

Enstitisyon sa a ofri tout moun menm opòtinite a.